



SRPEDD ap mande moun nan piblik la ede li nan etid k ap fèt sou koridò Wout 6 ki soti nan Wout 240 nan Fairhaven, sou zòn lès, pou rive High Street nan Wareham. Zòn etid la ap kouvri, se anviwon 13 mil, k ap genyen ladan yo 6 kafou ki gen siyal, ak yon gran kantite kay kote moun rete, ak batiman ki sèvi pou fè biznis, ak pou enstitisyon.

Tanpi reponn sou enfòmasyon yo mande nan kesyonnè sa a, sou eksperyans ou fè nan pase sou Wout 6 la, ak sou sa ou ta renmen wè kòm amelyorasyon pi devan. Sa pral pran 5 minit sèlman pou w fini kesyonnè a. Repons ou bay yo pral ede nou anpil. Mèsi. Pou plis enfòmasyon sou Etid SRPEDD sou Koridò Wout 6 la, ale gade nan pòtay entènèt pwojè a, oswa nan paj Facebook sou pwojè a.

Si se sou papye w ap reponn keyonnè sa a, tanpri voye li nan lapòs bay SRPEDD (adrès la ekri pi ba la a) oubyen pote li remèt nan yon sant kominotè k ap patisipe nan etid la, nan yon Biwo Minisipal (tankou Fairhaven, Mattapoisett, Marion, oswa Wareham).

Adrès postal SRPEDD:

SRPEDD
88 Broadway
Taunton, MA 02780
c/o Jed Cornock, Direktè Pwojè



1. Èske ou se yon rezidan oubyen ou gen yon biznis nan Fairhaven, Mattapoisett, Marion, oswa Wareham?

- Rezidan pandan tout lane a
- Mwen fè biznis la pandan tout lane a
- Mwen fè biznis epi mwen rezidan la pandan tout lane a
- Rezidan sezonnae
- Mèt biznis sezonnae
- Rezidan ak mèt biznis sezonnae
- Mwen pa ni rezidan ni mèt biznis nan zòn lan

2. Èske ou rete, oswa travay, oswa genyen yon pwopriyete sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)? Chwazi tout sa ki aplikab yo.

- Wi, mwen rete sou Wout 6
- Wi, mwen travay sou Wout 6
- Wi, mwen travay, oswa mwen genyen yon pwopriyete sou Wout 6
- Non

3. Èske ou rete, oswa travay, oswa genyen yon pwopriyete sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)?

- | | |
|---|---|
| <input type="radio"/> Janmen | <input type="radio"/> 4 - 5 fwa chak semenn |
| <input type="radio"/> Yon fwa chak semenn | <input type="radio"/> Plis pase 5 fwa pa semenn |
| <input type="radio"/> 2 - 3 fwa chak semenn | |

4. Pou kisa ou pase sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)? Chwazi tout sa ki aplikab yo.

- Pou travay mwen / Pou ale nan travay
- Ale nan magazen
- Pou ale lekòl / Pou ale bay okipe timoun
- Anmizman / Lòt rezon
- Medikal

5. Nan ki vil / vilaj oswa zòn postal ou konn derape nòmalman (Ki kote ou konn soti)?

6. Nan ki vil / vilaj oswa zòn postal ou konn rive nòmalman (Ki kote ou konn ale)?

7. Kouman ou kondui nòmalman, oswa ale kòm pasaje sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)?

- Nan oto (kondui poukont mwen)
- Sou bisiklèt
- Nan oto (ale ansanm ak lòt moun nan oto oswa nan kamyonnet)
- Apye
- Nan transpò publik (otobis)

Lòt jan (tanpri presize)

8. Si ou mache apye sou Wout 6 la, èske ou santi ou an sekirite (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)?

- Wi
- Non
- Mwen pa mache apye sou Wout 6 la

9. Si ou pase sou bisiklèt sou Wout 6 la, èske ou santi ou an sekirite (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)?

- Wi
- Non
- Mwen pa pase sou bisiklèt sou Wout 6 la

10. Èske nòmalman ou kondui oto w san rete pou travèse vilaj ki sou Wout 6 la (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham) oubyen èske ou konn rete plizyè kote sou Wout 6 la?

- Mwen pa konn rete. Mwen travèse toudwat.
- Mwen abitye rete 1 fwa
- Mwen abitye rete 2 - 3 fwa
- Mwen abitye rete 4 fwa oubyen plis

11. Si ou janm fè yon lòt wout pase pou ou kondui sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham), kilè ou konn pran lòt wout la?

- Pandan moun prale ak tounen soti nan travay lasemann (ant 7 ak 9vè dimaten, oswa ant 4 ak 6zè nan apremidi)
- Pandan wikenn
- Pandan jou fèt oswa sezon fèt
- Pandan sezon ete

Lòt repons (tanpri presize)

12. Pou ki rezonn ou konn fè yon lòt wout pase pou ou kondui sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)? Chwazi tout sa ki aplikab yo.

- Twòp sikilasyon
- Manke sekirite nan kondisyon pou kondui oto yo
- Eta wout la / krevas
- Lòt rezon (tanpri presize)

13. Èske ou konnen gen otobis ki fè sèvis transpò ant Wareham ak New Bedford sou Wout 6 la?

- Wi - mwen konn pran li
- Wi - mwen pa konn pran li
- Non - mwen pa te konnen sa (gade orè a)

14. Kisa ou kwè ki ta kapab fè Wout 6 la pi fasil pou sèvi ak / oswa gen plis sekirite (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)? Chwazi tout sa ki aplikab yo.

- Li deja bon jan li ye kounye a
- Plis chwa pou moun ki sou bisiklèt
- Pi bon twotwa (pi laj, san obstak, bon sifas, elatriye)
- Abri pou tann otobis ak / oswa kote pou otobis mete kò yo, sou bò wout la
- Redui kantite bann sikilasyon yo pou mete 2 (pase 4 ki genyen kounye a)
- Plis bann sikilasyon
- Plis limyè

Lòt repons (tanpri presize)

* 15. Kouman ou te fè tandé etid sa a ap fèt sou Wout 6 nan Fairhaven, Mattapoisett, Marion, ak Wareham? Chwazi tout sa ki aplikab yo.

- Medya sosyal (Facebook, Twitter, elatriye)
- Mesaj elektwonnik SRPEDD te voye
- Radyo
- Jounal (sou papye oswa sou Entènèt)
- Televizyon
- Pandan yon reyinyon
- Yon anplwaye SRPEDD te fè mwenn konnen sa

Lòt repons (tanpri presize)

16. Tanpri fè nou konnen nenpòt kòmantè oswa nenpòt pwoblèm ou ka genyen nan pase sou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham).

17. Ki bon lide ou ta ka genyen nan tèt ou pou Wout 6 (ant Wout 240 nan Fairhaven ak High Street nan Wareham)? Kisa ou kwè ki enpòtan? Kisa ou ta vle ki rete menm jan, ak kisa ou ta vle wè ki chanje?